ISBN 978-9943-4472-5-7
«БИЛИМ»

# ЗӘРҮРЛИ МАҒЛЫЎМАТЛАР ЖЫЙНАҒЫ

94(575.172)(081)
К 83

**Книга должна быть возвращена не позже указанного здесь срока**

**Количество предыдущих выдач**________________

| | |
|---|---|
| | |

# ЗӘРҮРЛИ МАҒЛЫЎМАТЛАР ЖЫЙНАҒЫ

НӨКИС
«БИЛИМ»
2023

УОК 94(575.172)(081)
КБК 83.3(5Қар)
Қ83

**Зәрүрли мағлыўматлар жыйнағы** [Текст]: дүзиўши: **И. Қосназаров.** – Нөкис: Билим, 2023. – 36 б.

83.3(5Қар) + 76.01

**Д ү з и ў ш и : Идирис Қосназаров**

Дыққатыңызға усынылып отырған бул китап баспасөз тараўының мийнет нураныйы, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген журналист Идирис Қосназаровтың көп жыллық изленислериниң нәтийжеси. Ол өзиниң үй архиви ҳәм бир неше мәлимлеме-ресурс орайларында отырып, еринбестен ҳәр қыйлы дереклер менен әдебиятларды ақтарып шығып, керек жеринде бириншилик несип еткен инсанлардың өзлери менен ушырасып, олардан мағлыўматлар алды ҳәм оларды жәмлестирип, өз алдына китап етип баспаға таярлады.

Буннан ҳәр бир китап оқыўшысы, педагоглар менен студент жаслар өзлерине зәрүрли мағлыўматларды алып, руўхый дүньясын байытып барады, деп үмит етемиз.

П и к и р  б и л д и р и ў ш и л е р:

**Алланазар Әбдиев** – *филология илимлериниң кандидаты, Қарақалпақстан халық жазыўшысы;*
**Әнжим Бекбергенова** – *журналист.*

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
SHOMANAY RAYONÍ
MÁLIMLEME-KITAPXANA ORAYÍ
INV № 2024/1-40

ISBN 978-9943-4472-5-7
© «Билим» баспасы, 2023.

## СИЯСИЙ ӘҲМИЙЕТКЕ ИЙЕ СӘНЕЛЕР

**1989-жыл 21-октябрь** – өзбек тилине мәмлекетлик тил бийлиги берилген күн.

* * *

**1989-жыл 1-декабрь** – қарақалпақ тилине мәмлекетлик тил бийлиги берилген күн.

* * *

**1990-жыл 24-март** – Өзбекстан Республикасында Президентлик лаўазымы енгизилген күн.

* * *

**1991-жыл 1-сентябрь** – Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик Ғәрезсизлиги жәрияланған күн. Бул сәне ҳәр жылы елимизде улыўмахалықлық Ғәрезсизлик байрамы сыпатында кең түрде белгиленип келинбекте.

* * *

**1991-жыл 18-ноябрь** – Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик Байрағы қабылланған күн.

* * *

**1992-жыл 2-март** – Өзбекстан Республикасы Бирлескен Миллетлер Шөлкемине (БМШқа) ағза болған күн.

* * *

**1992-жыл 2-июль** – Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик Герби қабылланған күн.

* * *

**1992-жыл 8-декабрь** – Өзбекстан Республикасының Конституциясы қабыл етилген күн.

* * *

**1992-жыл 10-декабрь** – Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик Гимни қабыл етилген күн.

* * *

**1992-жыл 14-декабрь** – Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик Байрағы қабылланған күн.

* * *

**1993-жыл 9-апрель** – Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы қабыл етилген күн.

* * *

**1993-жыл 9-апрель** – Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик Герби қабылланған күн.

* * *

**1993-жыл 24-декабрь** – Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик Гимни қабыл етилген күн.

* * *

**1994-жыл 1-июль** – Өзбекстан Республикасының миллий валютасы сум айланысқа енгизилген күн.

## ХАЛЫҚ АРАЛЫҚ КӨЛЕМДЕГИ СӘНЕЛЕР

**11-январь** – Халық аралық миннетдаршылык күни.

**4-февраль** – Дүнья жүзилик рак кеселлигине қарсы гүресиў күни.

**7-февраль** – Халық аралық қәўипсиз интернет күни.

**9-февраль** – Халық аралық стоматологлар күни.

**13-февраль** – Дүнья жүзилик радио күни.

**21-февраль** – Халық аралық Ана тили күни.

**8-март** – Халық аралық ҳаял-қызлар күни.

**15-март** – Халық аралық тутыныўшылардың ҳуқықларын қорғаў күни.

**21-март** – Халық аралық «Наўрыз» байрамы.

**24-март** – Дүнья жүзилик туберкулезге қарсы гүресиў күни.

**27-март** – Халық аралық театр күни.

**27-март** – Халық аралық интеллектуал мүлк күни.

**30-март** – Халық аралық шығындысызлар күни.

**1-апрель** – Халық аралық қуслар күни.

**7-апрель** – Дүнья жүзилик саламатлық күни.

**12-апрель** – Дүнья жүзилик авиация ҳәм космонавтика күни.

**18-апрель** – Халық аралық археологиялық естеликлерди қорғаў күни.

**22-апрель** – Халық аралық Жер күни.

**25-апрель** – Дүнья жүзилик безгек кеселлигине қарсы гүресиў күни.

**3-май** – Халық аралық баспасөз еркинлиги күни.

**4-май** – Халық аралық өрт өшириўшилер күни.

**12-май** – Халық аралық мийирбийкелер күни.

**15-май** – Халық аралық шаңарақ күни.

**18-май** – Халық аралық музейлер күни.

**20-май** – Халық аралық метрология күни.

**31-май** – Дүнья жүзилик темекиге қарсы гүресиў күни.

**1-июнь** – Халық аралық балаларды қорғаў күни.

**5-июнь** – Халық аралық қоршаған орталықты қорғаў күни.

**14-июнь** – Дүнья жүзилик донорлар күни.

**17-июнь** – Дүнья жүзилик қурғақшылық ҳәм суўсызлыққа қарсы гүресиў күни.

**19-июнь** – Дүнья жүзилик балалар футболы күни.

**23-июнь** – Халық аралық олимпия күни.

**30-июнь** – Халық аралық парламентаризм күни.

**2-июль** – Халық аралық спорт журналистикасы күни.

**20-июль** – Халық аралық шахмат күни.

**20-июль** – Халық аралық торт күни.

**30-июль** – Дүнья жүзилик адам саўдасына қарсы гүресиў күни.

**5-август** – Халық аралық светафор күни.

**12-август** – Халық аралық жаслар күни.

**19-август** – Дүнья жүзилик фотография күни.

**29-август** – Халық аралық ядро сынаўларына қарсы гүресиў күни.

**16-сентябрь** – Халық аралық азон қатламын қорғаў күни.

**19-сентябрь** – Дүнья жүзилик тазалық күни.

**21-сентябрь** – Халық аралық тынышлық күни.

**22-сентябрь** – Халық аралық автомобильсиз күни.

**24-сентябрь** – Халық аралық теңиз күни.

**25-сентябрь** – Халық аралық фармацевтиклер күни.

**7-октябрь** – Халық аралық пахта күни. (Дүньяның 75 мәмлекетинде пахта жетистириледи).

**9-октябрь** – Пүткил жәҳән почта байланысы күни.

**13-октябрь** – Халық аралық тәбийғый апатлар қәўпин кемейттириў күни.

**15-октябрь** – Халық аралық аўыл ҳаяллары күни.

**16-октябрь** – Халық аралық азық-аўқат күни.

**20-октябрь** – Халық аралық аспазлар күни.

**29-октябрь** – Халық аралық инсультқа қарсы гүресиў күни.

**9-ноябрь** – Пүткил жәҳән лизинг күни.

**10-ноябрь** – Дүнья жүзилик жаслар күни.

**10-ноябрь** – Пүткил жәҳән илим-пән күни.

**13-ноябрь** – Дүнья жүзилик мийримлилик күни.

**14-ноябрь** – Халық аралық қантлы диабетке қарсы гүресиў күни.

**16-ноябрь** – Халық аралық баўрыкеңлик күни.

**20-ноябрь** – Дүнья жүзилик балалар күни.

**21-ноябрь** – Халық аралық телевидение күни.

**21-ноябрь** – Дүнья жүзилик сәлемлесиў күни.

**26-ноябрь** – Халық аралық етикшилер күни.

**1-декабрь** – Дүнья жүзилик АИЖС кеселлигине қарсы гүресиў күни.

**3-декабрь** – Халық аралық майыплар күни.

**4-декабрь** – Халық аралық банклер күни.

**7-декабрь** – Халық аралық пуқаралық авиациясы күни.

**9-декабрь** – Халық аралық коррупцияға қарсы гүресиў күни.

**10-декабрь** – Халық аралық инсан ҳуқықлары күни.

**10-декабрь** – Халық аралық футбол күни.

**10-декабрь** – Халық аралық Нобель сыйлығы жәрияланған күн.

**(Баспасөз ҳәм ғалаба хабар қураллары материаллары тийкарында таярланды).**

# ӨЗБЕКСТАН ҚАҲАРМАНЛАРЫ

Өзбекстан Республикасында 1994-жылдың 5-майынан баслап «Өзбекстан Қаҳарманы» атағы менен қоса жоқары нышан «Алтын жулдыз» медалы енгизилди. Мине, соннан берли мәмлекетимизде елимиздиң раўажланыўына мүнәсип үлес қосқан, өзиниң бар күш-жигерин халқымыздың пәраўан турмысы, оның ийгиликли мақсетлерине жумсап атырған ҳақ нийетли пидайы инсанларға Президентимиздиң Пәрманына муўапық жоқарыда аты көрсетилген жоқары атақ ҳәм «Алтын жулдыз» медалы салтанатлы жағдайда тапсырылып киятыр.

Мәселен, бир ғана Қарақалпақстан Республикасының өзинен ғәрезсизлик жылларында 8 адамға «Өзбекстан Қаҳарманы» ҳүрметли атағы менен қоса «Алтын жулдыз» медалы тапсырылды.

Олардан 1997-жылы акушер-гинеколог шыпакер Онесия Саитова, 2001-жылы қайыр-сақаўатлы инсан Алланияз Өтениязов, 2003-жылы Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Төлепберген Қайыпбергенов, 2004-жылы Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Ибрайым Юсупов, 2005-жылы сол ўақыттағы Тахтакөпир районы «Тахтакөпир» ширкет хожалығының баслығы Ағытай Әдилов, 2008-жылы сол ўақыттағы Өзбекстан Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Тарийх, археология ҳәм этнография институты археология бөлиминиң баслығы Ғайратдин Хожаниязов, 2011-жылы Тахтакөпир районы «Тайымбет» фермер хожалығы баслығы Сәрсенбай Сейтназаров ҳәм 2019-жылы сол ўақыттағы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы Муса Ерниязовлар усы жоқары атақ пенен қоса «Алтын жулдыз» медалын алыўға миясар болды.

## УЛЛЫ ИНСАНЛАР ҚАШАН ТУЎЫЛҒАН?

**30-январь** – Уллы мәмлекетлик ҳәм сиясий ғайраткер, Өзбекстан Республикасының Биринши Президенти Ислам Кәримовтың туўылған күни (1938 – 2016).

**9-февраль** – Ғәззел мүлкиниң султаны Әлишер Наўайының туўылған күни (1441 – 1501).

**14-февраль** – Заҳириддин Муҳаммед Бабурдың туўылған күни (1483 – 1530).

**1-март** – Өзбекстан халық шайыры Зульфияханымның туўылған күни (1915 – 1996).

**19-март** – Махмуд аз-Замахшарийдиң туўылған күни (1075 – 1144).

**21-март** – Өзбекстан Қаҳарманы, халық шайыры Абдулла Ариповтың туўылған күни (1941 – 2016).

**22-март** – Уллы астроном ҳәм математик, өз дәўириниң көрнекли алымы Мырза Улығбектиң туўылған күни (1394 – 1449).

**9-апрель** – Уллы сәркарда Әмир Темурдың туўылған күни (1336 – 1405).

**5-май** – Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Ибрайым Юсуповтың туўылған күни (1929 – 2008).

**7-май** – Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергеновтың туўылған күни (1929 – 2010).

**4-сентябрь** – Абу Райхан Берунийдиң туўылған күни (973-1048).

**7-сентябрь** – Белгили философ алым, академик Ибрахим Муминовтың туўылған күни (1908 – 1974).

**15-сентябрь** – Халық артисти Шүкир Бурхановтың туўылған күни (1910 – 1987).

**17-сентябрь** – Өзбекстан халық жазыўшысы Абдулла Қаххардың туўылған күни (1907 – 1968).

## АКАДЕМИКЛЕРИМИЗ ТУЎЫЛҒАН СӘНЕЛЕР

Бул әлбетте, ҳәммени қызықтырса керек. Үй архивимде бар материаллардан пайдаланып ҳәм академиклердиң шаңарақларына барып, мағлыўматлар жыйнаў арқалы оған төмендегише унамлы жуўаплар тапқандай болдым.

**5-январь (1935-ж.)** – Қарақалпақ тил билиминиң белгили ғайраткери, филология илимлериниң докторы, профессор Ҳүсниддин Ҳамидовтың туўылған күни.

**6-январь (1930-ж.)** – Қарақалпақстанда бириншн Өзбекстан Илимлер академиясының академиги болған, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларына мийнети сиңген илим ғайраткери, филология илимлериниң докторы, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Марат Нурмуҳаммедовтың туўылған күни.

**28-февраль (1943-ж.)** – Өзбекстан Көркем өнер академиясының ҳақыйқый ағзасы, академик, Өзбекстан халық художниги, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген көркем өнер ғайраткери, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Жоллыбай Изентаевтың туўылған күни.

**25-март (1943-ж.)** – Өзбекстан Илимлер академиясының академиги, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, аўыл хожалығы илимлериниң докторы, профессор Бийсенбай Мәмбетназаровтың туўылған күни.

**5-май (1940-ж.)** – Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларына мийнети сиңген илим ғайраткери, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген шыпакер, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, медицина илимлериниң докторы Турсынбай Ещановтың туўылған күни.

**15-май (1937-ж.)** – Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, «Эл-юрт ҳурмати» орденениң ийеси, Бердақ атындагы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, биология илимлериниң докторы, профессор Әмийн Бахиевтиң туўылған күни.

**8-август (1957-ж.)** – Өзбекстан Көркем өнер академиясының ҳақыйқый ағзасы, академик, Қарақалпақстан халық художниги, «Шуҳрат» медалы ийеси Сәрсенбай Байбосыновтың туўылған күни.

**10-сентябрь (1924-ж.)** – Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларына мийнети сиңген илим ғайраткери, «Эл-юрт ҳурмати» ордени, «Жасорат» ҳәм «Шуҳрат» медальларының ийеси, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, тарийх илимлериниң докторы, профессор Сабыр Камаловтың туўылған күни.

**16-сентябрь (1955-ж.)** – Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, «Дослық» орденениң ийеси, экономика илимлериниң докторы, профессор Нағмет Айымбетовтың туўылған күни.

**20-сентябрь (1942-ж.)** – Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, филология илимлериниң докторы, профессор Абатбай Дәўлетовтың туўылған күни.

**13-ноябрь (1933-ж.)** – Қарақалпақстанда биринши философия илимлериниң докторы, профессор, Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Жуманазар Базарбаевтың туўылған күни.

**20-декабрь (1933-ж.)** – Қарақалпақстанда микробиология илиминиң тийкарын салған алым, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, қарақалпақстанлы шыпакерлер арасынан шыққан биринши илим докторы, профессор ҳәм Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң биринши ректоры (1976 – 1985-жж.) болып ислеў бахтына миясар болған әжайып инсан Чаржаў Абдировтың туўылған күни.

**25-декабрь (1934-ж.)** – Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, экономика илимлериниң докторы, профессор Жарылқаған Медетуллаевтың туўылған күни.

## ЗУЛЬФИЯ АТЫНДАҒЫ МӘМЛЕКЕТЛИК СЫЙЛЫҚ ЛАУРЕАТЛАРЫ

2000-жылдан баслап ҳәр жылы 8-март – Халық аралық ҳаял-қызлар күни байрамы алдынан мәмлекетимиздиң инталы, зийрек, қәбилетли, шаққан ҳәм талапшаң қызларына Зульфия атындағы мәмлекетлик сыйлығы берилип киятыр. Бүгинги күнге дейин бир ғана Қарақалпақстан Республикасының өзинен 31 талантлы қызымызға усы мәмлекетлик сыйлық несип етти.

Олардан 2000-жылы Гүлмира Мустафаева, 2001-жылы Диана Мамутова, 2002-жылы Анипа Артықова, 2003-жылы Фазу Шержанова, 2004-жылы Айжамал Төремуратова, 2005-жылы Гүлбәҳәр Ахымбетова, 2006-жылы Замира Палўаниязова, 2007-жылы Улбосын Орынбаева, 2008-жылы Несийбели Мәмбетирзаева, 2009-жылы Қумар Бекниязова, 2010-жылы Айнура Сапекеева, 2011-жылы Бийбиназ Қайыпова, 2012-жылы Замира Алиева, 2013-жылы Айшолпан Оразымбетова, 2014-жылы Айжамал Жолдасбаева, 2015-жылы Шаҳзада Базарбаева, 2016-жылы Әзиза Байжигитова, 2017-жылы Айжамал Караматдинова ҳәм Гузал Отажонова, 2018-жылы Шаходат Жоллыбаева, Наргиза Утемуратова, 2019-жылы Сапура Қайыпназарова, Сарвиноз Тулиева, 2020-жылы Назокат Ибрагимова, Динара Нуратдинова, 2021-жылы Шаҳзада Каримбаева, Гүлсәнем Оразбаева, 2022-жылы Зухрахан Мақсадова, Еркинай Орынбаева, 2023-жылы Барно Самандарова, Ҳүрлиман Нийетбаевалар бул сыйлықты алыўға миясар болды.

## БИРИНШИЛИК НЕСИП ЕТКЕН ИНСАНЛАР

Атақлы тюрколог алым, илимпаз, белгили мәмлекетлик ғайраткер ҳәм жәмийетлик искер, өзбек ҳәм қарақалпақ әдебияттаныў илиминиң ири ўәкили, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларына мийнети сиңген илим гайраткери, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлық ийеси, филология илимлериниң докторы Марат Нурмуҳаммедовқа (1930 – 1986-жж.) несип еткен биринщиликлер соннан ибарат, ол Қарақалпақстанда биринши болып Өзбекстан Илимлер академиясының академиги болыўдай үлкен мәртебеге еристи.

Соның менен бирге ол 1959-жылы Өзбекстан Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалы ашылған ўақытта оның биринши баслығы болып ислеў бахтына миясар болды.

* * *

Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген муғаллим, белгили алым ҳәм жәмийетлик искер, қарақалпақ әдебияттаныў илиминиң тийкарын салыўшылардың бири Нәжим Дәўқараев (1905 – 1953-жж.) 1934-жылы Төрткүл қаласында муғаллимлер институты (ҳәзирги Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты) ашылған ўақытта биринши болып қарақалпақ тили ҳәм әдебияты пәни бойынша муғаллимшиликке қабыл етиледи ҳәм 1935-жылдан 1941-жылға дейин усы институтта қарақалпақ тили ҳәм әдебияты кафедрасын басқарады.

Н. Дәўқараев 1951-жылы «Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерки» деген темада докторлық диссертациясын қорғап, филология илимлериниң докторы илимий дәрежесин алыўға миясар болды. Яғный, ол Қарақалпақстанда биринши илим докторы илимий дәрежесин алыўға миясар болған алым есапланады.

* * *

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларына мийнети сиңген көркем өнер ғайраткери, «Эл-юрт ҳурмати», «Меҳнат шуҳрати» орденлери ҳәм Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлық ийеси, белгили композитор, 300 ден аслам романс ҳәм нама қосықлары менен биринши Қарақалпақстан Республикасы Гимни музыкасының авторы Нәжиматдин Муҳаммеддинов «Әжинияз» атлы биринши қарақалпақ операсын дөретти.

Бул операның 1987-жылы сахнаға алып шығылыўы ҳәм 1991-жылы Қазақстанда өткерилген Қарақалпақстанның театр күнлеринде Абай атындағы мәмлекетлик опера ҳәм балет театрында, 1993-жылы Ташкентте өткерилген Қарақалпақстан мәденияты күнлеринде Наўайы атындағы мәмлекетлик театрда қойылыўы Қарақалпақстан мәденияты тарийхындағы үлкен жаңалық ҳәм умытылмас тарийхый ўақыя болды.

Солай етип, Н. Муҳаммеддинов өзиниң бул операсында уллы шайыр Әжинияз бабамыздың тарийхый тулғасын саз әлеминде биринши болып сазлы эпикалық жобада жаратып берди.

Буннан тысқары, ол «Айжамал» атлы биринши қарақалпақ балетин ҳәм «Посқан ел» атлы биринши қарақалпақ симфониясын жаратты. Оның «Гүлайым» атлы операсы Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик академиялық сазлы театрында қойылып, халқымыз тәрепинен қызғын күтип алынды.





QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI
SHOMANAY RAYONI
MÁLIMLEME-KITAPXANA ORAYI
INV № 2024/1-40

Бул операның eң бир утымлы тәрепи сонда, бунда биринши мәрте қарақалпақ миллий саз әсбаплары болған қобыз ҳәм дуўтар сазларынан пайдаланылды. Жыраў менен бақсының оркестрге қосылып шығыўы тарийхта биринши мәрте жүз берди ҳәм бул дөретиўшилик импровизация унамлы нәтийже көрсетип, операның қунлылығын және де арттырды.

Бул әжайып инсанның өмирлик жолдасы, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген көркем өнер ғайраткери Абадан Сапарова болса қарақалпақ ҳаял-қызлары арасынан шыққан биринши композитор ҳәм скрипкашы. Бундай бириншиликлер, аўызбиршиликли, тыныш-татыў, пәраўан турмыс кеширип атырған муқаддес шаңарақ ағзаларына ғана жарасады.

* * *

Ҳәзирги қарақалпақ әдебияттаныў илиминиң сәрдары, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, филология илимлериниң докторы, профессор Қурбанбай Жәримбетовтың дыққатқа ылайық бириншилиги соннан ибарат, ол атақлы рус алымы Н.А.Кунның дүнья әдебиятында кең тарқалған «Әййемги Грецияның мифлери ҳәм легендалары» китабын Орайлық Азия халықлары арасында биринши болып қарақалпақ тилине аўдарып, оны 30 баспа табақ көлеминде бастырып шығарыўға еристи.

Сөйтип, қарақалпақ китапқумарлары бул китапты өз ана тилинде оқыў имканиятына ийе болды.

* * *

Белгили алым, шыпакер ҳәм жәмийетлик искер, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, I-дәрежели «Саламат әўлад ушын» ордениниң ийеси, сенатор

Орал Атаниязова «Арал бойында жасаўшы репродуктив жастағы ҳаялларда экологиялық факторлардың тәсири» деген темада докторлық диссертациясын қорғап, акушер-гинеколог қәнигелиги бойынша Қарақалпақстанда биринши медицина илимлериниң докторы илимий дәрежесин алыўға миясар болды.

Оның белсендилиги, искерлиги ҳәм өзи туўылып өскен Анадиярға садықлығы соннан ибарат, ол ўақтында қарақалпақстанлы ҳаял-қызлар арасында биринши болып Япония, Англия, Мексика, Франция, Голландия, Италия ҳәм Қытай мәмлекетлеринде өткерилген халықаралық конференцияларда қатнасып, Арал машқаласын пүткил дүньяға алып шықты. Нәтийжеде ол ҳаял-қызлар ҳәм қоршаған орталық машқалалары бойынша халықаралық эксперт дәрежесине ерисиi ҳәм халықаралық Гольдман сыйлығы менен сыйлықланды.

О. Атаниязованың басшылығында ҳәм шөлкемлестириўинде 1999-жылы «Перзент» орайы тәрепинен Нөкис қаласында «Арал теңизи балалар нәзеринде» атамасында халықаралық конференция, 2009 – 2010-жылларда республика көлеминде биринши мәрте «Қаўын сейили» фестивальлары өткерилди.

Ол Ташкент педиатрия медицина институты Нөкис филиалы директоры лаўазымында ислеген дәўиринде, яғный, 2004-жылы «Медико-профилактика иси», «Жоқары мийирбийкелик иси», 2011-жылы «Стоматология иси» факультетлериниң жаңадан ашылыўына тийкар салды ҳәм 2014-жылы филиалдың халықаралық стандартларға жуўап беретуғын жаңа оқыў-лабораториясы имараты қурылып, пайдаланыўға тапсырылды.

Ҳәзир Қарақалпақстан медицина институтының (биринши) ректоры лаўазымында өз жумысын даўам еттирип атырған О. Атаниязова бул жерде де ислеймен деген адамға имканияттың көп екенлигин ҳақыйқый ис жүзинде көрсетип, үлкен жаңаланыўларға, унамлы өзгерислерге тийкар салынып атырғанының гүўасы болмақтамыз.

* * *

Белгили мәмлекетлик ғайраткер ҳәм жәмийетлик искер, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери ҳәм шыпакери, медицина илимлериниң докторы, профессор Абдулла Худайбергенов (1936 – 2017-жж.) қарақалпақ халқының мақтанышы десек асыра айтқан болмаймыз.

Ташкент мәмлекетлик медицина институтын «айрықша» диплом менен питкерип шығып, өзиниң дәслепки мийнет жолын 1959-жылы Мойнақ районлық медицина бирлеспеси бас шыпакериниң емлеў ислери бойынша орынбасары ҳәм хирургия бөлими меңгериўшиси болып ислеўден баслаған ол өз жумысын 1960 – 1961-жыллары 1-санлы республикалық емлеўханада хирург-шыпакер ҳәм қан қуйыў бөлими баслығы, 1961 – 1968-жыллары хирургия бөлими баслығы, 1968 – 1976-жыллары емлеўхана бас шыпакери, 1976 – 1981-жыллары Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министри лаўазымларында нәтийжели хызмет атқарыў менен даўам еттирди.

А. Худайбергеновтың 1981 – 1986-жыллары Өзбекстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министри лаўазымында жумыс алып барыўы қарақалпақстанлылар тарийхында үлкен жаңалық ҳәм умытылмас ўақыя болды. Себеби, сол ўақытқа дейин қарақалпақстанлылар арасынан усындай Өзбекстан көлеминдеги үлкен министрликке басшылық етиў хешкимге несип ете қойған жоқ еди.

Бул инсанның дыққатқа ылайық және бир биринshилиги оның 1991-жылдан баслап үзликсиз 26 жыл даўамында, яғный, өмириниң соңғы демлерине дейин Өзбекстан Врачлар Ассоциациясына басшылық етиўи менен баҳаланады.

* * *

Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген көркем өнер ғайраткери, жәмийетлик искер, белгили жазыўшы ҳәм драматург Асан Бегимовқа несип еткен бириншиликлер төмендегилерден ибарат.

Ол ҳәзирги «Әмиўдәрья» журналы 1932-жылдың 19-июлинде «Мийнет әдебияты» деген ат пенен шыға баслаған ўақытта оның биринши редакторы болып тайынланды.

1934-жылдың 10–13-июнь күнлери аралығында Төрткүл қаласында Қарақалпақстан жазыўшыларының I-съезди болып, онда Жазыўшылар аўқамын дүзиў мәселесине байланыслы тийисли шешим қабылланды ҳәм А. Бегимов усы Жазыўшылар аўқамының биринши баслығы болып сайланды.

Сондай-ақ, А. Бегимов ҳәзирги Қарақалпақстан Хабар агентлиги 1954-жылы Өзбекстан Мәлимлеме агентлигиниң (УзТАГ) Қарақалпақстан бөлими болып дүзилген ўақытта оның биринши директоры болып ислеў бахтына миясар болды. Соның менен бирге, ол биринши қарақалпақ романының («Балықшының қызы») авторы.

* * *

Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген журналист, Қарақалпақстан халық жазыўшысы, «Эл-юрт ҳурмати» ордениниң ийеси, белгили журналист-жазыўшы, мәмлекетлик ғайраткер ҳәм жәмийетлик искер, күшли оратор ҳәм сиясатшы Шарап Уснатдиновты халқымыз «универсал» журналист деп бийкарға айтпаған.

30 жыл даўамында баспасөз ҳәм ғалаба хабар қуралларында түрли лаўазымларда нәтийжели хызмет атқарған ол ғәрезсизлигимиздиң дәслепки жылларында, яғный, 1992–1994-жыллары

Нөкис қаласының (биринши) ҳәкими лаўазымында жумыс алып барып, пайтахтымызды социаллық-экономикалық жақтан раўажландырыўға өзиниң салмақлы үлесин қосты.

Ш. Уснатдинов қарақалпақстанлылар арасында биринши болып 1994 – 1995-жыллары Өзбекстан Республикасы Мәденият ислери бойынша министри орынбасары лаўазымында ислеў бахтына миясар болды. Соның менен бирге, ол республикамыздың журналистлери арасында биринши болып 1995 – 2002-жыллары Қарақалпақстан Республикасы Коммуналлық хызмет көрсетиў министри, 2002 – 2007-жыллары «Коммуналлық ыссылық орайы» ашық акционерлик жәмийети директоры лаўазымларында жумыс алып барды.

Бул арқалы Ш. Уснатдинов өзин қайсы тараўдың жумысы болса да оны ҳақ нийети, искерлиги менен атқарып шығатуғын «универсал» журналист екенлигин ҳақыйқый ис жүзинде көрсетип берди.

* * *

Мийнет Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларына мийнети сиңген шыпакер Оразымбет Халмуратов (1900 – 1981-жж.) өзиниң саналы өмириниң 50 жылын Қарақалпақстан медицинасына бағышлаған қарақалпақ халқының биринши шыпакери саналады.

Қарақалпақстанда медицинаның хирургия тараўына тийкар салған ҳәм 1949-жылдан баслап 14 жыл даўамында республика Денсаўлықты сақлаў министрлигиниң бас хирург шыпакери болып нәтийжели хызмет атқарған ол адамда қандай кеселлик болса барлығын емлей алатуғын «универсал» шыпакер дәрежесине еристи.

Оның операция жолы менен ислеген даўалы қолларынан 10 мыңнан аслам наўқаслар шыпа таўып, өмирге қайтарылды.

Буннан тысқары, ол тек санавиация линиясы бойынша 6632 наўқасқа «дала» шараятында ҳәр түрли операциялар ислеўге миясар болды.

* * *

Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, медицина илимлериниң докторы, профессор, медицинаның биохимия ҳәм иммунология салалары бойынша илимге қосқан жаңалықлары менен әлемге танылған алым Жаңабай Мамутов (1950–2001-жж.) 1991-жыл 1-октябрь күни Ташкент педиатрия медицина институты Нөкис филиалының (биринши) директоры лаўазымына тайынланып, оны 10 жыл даўамында басқарыўға миясар болды.

* * *

Өзбекстан халық шайыры, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлық ийеси Жийенбай Избасқанов пенен Қарақалпақстан халық жазыўшысы, филология илимлериниң кандидаты, «Алтын қәлем» халықаралық таңлаўының жеңимпазы Алланазар Әбдиевтиң дөретиўшилик мийнетлери өз ўақтында мүнәсип баҳаланып, 2020-жылы Қарақалпақстанда биринши болып Орайлық Азиядағы «Жаңа ҳаўаз» халықаралық жазыўшылар ҳәм тарийхшылар аўқамының «Туран биримдиги» медалы менен сыйлықланыўы қарақалпақстанлылар турмысындағы үлкен жаңалық ҳәм тарийхый ўақыя болды.

Себеби, бул сыйлық Туран журтының түркий халықлары еллери есапланған Қырғызстан, Өзбекстан, Қазақстан, Түркменстан, Әзербайжан ҳәм Түркия мәмлекетлериниң бүгинги күнде белсендилик пенен дөретиўшилик хызметин алып барып атырған пидайы, талапшаң, талантлы жазыўшы,

шайырлары менен тарийхшыларға берилетуғын Орайлық Азия халықлары арасындағы бирден-бир халықаралық сыйлық есапланады. Ол хәммеге де несип ете бермейди.

* * *

1978-жылы март айында С. Хожаниязов атындағы Жас тамашагөйлер театры ашылған ўақытта оның биринши директоры болып ислеў Өзбекстан, Қарақалпақстан хәм Башқуртстан халық артисти, «Дослық» хәм «Эл-юрт хурмати» орденлериниң ийеси Байрам Матчановқа, усы театрдың биринши режиссеры болып ислеў Өзбекстан халық артисти, Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен артист, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлық ийеси Нәжиматдин Аңсатбаевқа несип етти.

* * *

1966-жылы Нөкисте мәмлекетлик Көркем өнер музейи ашылған ўақытта оның шөлкемлесиўине тийкар салған көркем өнер ғайраткери И. Савицкий усы музейдиң биринши директоры болып тайынланды хәм ол әлемнен өткеннен кейин музей оның аты менен аталатуғын болды.

* * *

Боксшы Махсуд Абдураимов 1974-жылы Николаев қаласында өткерилген пүткил аўқамлық турнирде биринши орынды алып, бокс бойынша Қарақалпақстанның биринши спорт устасы болыў бахтына миясар болды.

Оның сол жылы Киев қаласында өткерилген пүткил аўқамлық турнирде биринши орынды ийелеўи Қарақалпақстан боксы ушын күтилмеген жаңалық ҳәм умытылмас тарийхый ўақыя болды. Себеби, ол Қарақалпақстаннан биринши болып бокс бойынша халықаралық турнирлерге аўқамның сайланды командасында қатнасыў ҳуқықын қолға киргизди.

* * *

1992-жылы шыға баслаған республикалық «Аму тонги» (ҳәзирги «Қорақалпоғистон тонги») газетасының биринши бас редакторы болып ислеў талантлы журналист ҳәм илимпаз Аллаберген Худайбергеновқа, ҳәзирги «Қарақалпақстан жаслары» газетасы 1931-жыл 13-февраль күни «Қарақалпақстан комсомоллары» деген ат пенен шыға баслаған ўақытта оның биринши редакторы болып ислеў белгили шайыр ҳәм журналист Избасар Фазыловқа, 1932-жылы 20-январьдан шыға баслаған ҳәзирги «Жеткиншек» газетасының биринши редакторы болып ислеў Әжинияз шайырдың шаўлығы Махсуд Яқубовқа несип етти.

* * *

1934-жылы 1-июнь күни Төрткүл қаласында муғаллимлер таярлайтуғын педагогикалық институт (ҳәзирги Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты) ашылған ўақытта бул жоқары оқыў орнының биринши директоры болып Ибрагим Ибрагимов тайынланған болса, 1939-жылы август айында усы оқыў орнының толық курсын питкергенлер ҳәм айрықша диплом алғанлардың салтанатлы кешеси болып, онда тилши Көшербай Бердимуратов питкериўши жаслар арасында биринши болып «айрықша» диплом алыўға миясар болды.

* * *

Индус миллети ўәкили Гедя Сингх 1934-жылы Москва мәмлекетлик медицина институтын питкерип, Қарақалпақстанға жумыс ислеўге келген биринши шет еллик (Ҳиндстан) шыпакер саналады.

Ол Қараөзек районында өмир бойы халыққа сапалы медициналық хызмет көрсетип, ел арасында «Қара доктор» болып атын қалдырды.

* * *

Қарақалпақ эстрадасының жарқын жулдызы, Қарақалпақстан халық артисти ҳәм хызмет көрсеткен артист Гүлнара Мунтееваға несип еткен бириншиликлер соннан ибарат, ол 1980-жылы Өзбекстан бойынша эстрада жөнелисинде қосық атқарыўшылығына қаратылған таңлаўға қатнасып, биринши орынды ийелеген болса, 1990-жылы Б. Закиров атындағы таңлаў жеңимпазы, 1991-жылы «Азия даўысы» халықаралық таңлаўы дипломанты, 2002-жылы Башқуртстан Республикасы Уфа қаласында өткерилген «Урал-моно» XI халықаралық таңлаўы лауреаты болыў бахтына миясар болды.

* * *

1946-жылы 23-май күни Қарақалпақстан халқына медициналық хызмет көрсетиўди жақсылаў мәселесине байланыслы Өзбекстан ҳүкиметиниң тийисли шешими қабылланып, алдын Денсаўлықты сақлаў халық комиссарлығы болып аталып келген бул басшы уйым енди министрликке айландырылды ҳәм Қарақалпақстанның биринши Денсаўлықты сақлаў министри болып Өзбекстанға мийнети сиңген врач В. И. Лепешкин (1896 – 1956-жж.) тайынланды.

* * *

Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген билим-лендириў хызметкери Қаржаўбай Жумажанов 1985-жылы кандидатлық диссертация жумысын табыслы қорғап, қазақ әдебияты бойынша Қарақалпақстандағы биринши алым болыў мүмкиншилигине еристи.

* * *

Қарақалпақстанда биринши емлеўхана 1887-жылы (февраль) Петро-Александровск (Төрткүл) қаласында ашылған ўақытта оның биринши бас шыпакери болып ислеў И. И. Авдокушкинге несип еткен.

* * *

Белгили опера қосықшысы ҳәм актёр, «Дослық» ордени ийеси, Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен артист, атақлы Өгиз жыраўдың ақлығы Дәрибай Хожабергеновқа несип еткен есте қаларлық бириншилик мыналардан ибарат: Ол 1995-жылы Өзбекстан көлеминде өткерилген вокалистлер таңлаўында биринши орынды ийелеп, Ташкент мәмлекетлик консерваториясына имтихансыз оқыўға кириў имканиятына ийе болды.

* * *

1989-жылы 1-ноябрь күни Нөкис қаласының «Нөкис ҳақыйқаты» газетасы шыға баслаған ўақытта оның биринши редакторы болып ислеў Қарақалпақстан халық жазыўшысы, шайыр ҳәм журналист Алпысбай Султановқа несип етти.

* * *

Бедер Нурумова Қарақалпақстан полиграфия санаатында биринши ҳәрип териўши болып иследи.

* * *

Өзбекстан халық жыршысы, Қарақалпақстан халық шайыры Аббаз Дабылов 1967-жылы «Баҳадыр» дәстаны ушын Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың биринши лауреаты болған болса, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларына хызмет көрсеткен артист Мақсет Өтемуратов 2001-жылы Қарақалпақстанда биринши болып «Ниҳол» сыйлығын алыўға миясар болды.

* * *

Қарақалпақстан халық жазыўшысы, белгили шайыр ҳәм илимпаз Әденбай Тәжимуратовтың қәлемине тийисли «Айдынлар» қосығы (намасын жазған композитор Марқабай Жийемуратов) 1969-жылы дөрелген ўақытта бул қосықты биринши рет талантлы қосықшы Роза Сулайманова атқарып шықты.

Бул қосық бүгинги күни де өз қунын жойтпай, халқымыздың жүрек төринен кең орын ийелемекте.

## БИРИНШИ ИЛИМ ДОКТОРЛАРЫ

Өзбекстан Илимлер академиясының академиги, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери Чаржаў Абдиров (1933 – 1997-жж.) 1961-жылы медицина тараўы бойынша өзиниң кандидатлық диссертациясын жақлап, Қарақалпақстанда биринши медицина илимлериниң кандидаты илимий дәрежесин алған болса, 1972-жылы докторлық диссертациясын қорғап шығып, медицина тараўы бойынша Қарақалпақстанда биринши илим докторы илимий дәрежесин алыўға миясар болды.

Соның менен бирге, ол 1976-жылы Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети ашылған ўақытта оның биринши ректоры болып (1985-жылға дейин) ислеўдей үлкен жуўапкершиликли ўазыйпаны бир ийиннен мәрдана атқарып шықты.

* * *

Өзбекстан Илимлер академиясының академиги, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларына мийнети сиңген илим ғайраткери, Өзбекстан Республикасы халық билимлендириўиниң ағласы, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың ийеси Жуманазар Базарбаев (1933 – 2020-жж.) 1973-жылы докторлык диссертациясын жақлап, Қарақалпақстанда биринши философия илимлериниң докторы болды.

Буннан тысқары ол философия тарауы бойынша Қарақалпақстанда биринши профессор илимий атағын алыўға миясар болған пидайы инсан саналады.

* * *

Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген юрист, белгили мәмлекетлик ғайраткер ҳәм жәмийетлик искер, алым ҳәм шайыр Сағындық Нийетуллаев 1994-жылы «Қарақалпақстан Республикасында мәмлекетлик қурылысты жетилистириў» деген темада докторлық диссертациясын жақлап, Қарақалпақстанда биринши юридика илимлериниң докторы илимий дәрежесин алыўға еристи. Ол 2008-жылы Қарақалпақстанда биринши юридика тарауының профессоры илимий атағын алды.

* * *

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларына мийнети сиңген илим ғайраткери, профессор, 60 тан аслам илимий мийнетлердиң авторы, белгили педагог ҳәм алым Жумек Орынбаев «Қарақалпақ Кеңес мектебиниң тарийхы» (1917–1931-жж.) деген темада докторлық диссертациясын жақлап, Қарақалпақстанда биринши педагогика илимлериниң докторы илимий дәрежесин алыўға миясар болған алым есапланады.

* * *

Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, белгили алым ҳәм педагог Ҳайдар Бабажанов 1982-жылы докторлық диссертациясын табыслы қорғап шығып, Қарақалпақстанда биринши экономика илимлериниң докторы болды.

Ол 1982-жылдан баслап Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң кафедра баслығы, 1985-жылдан баслап усы университеттиң оқыў ҳәм илимий ислер бойынша проректоры, 1988–1990-жыллары экономика факультетиниң деканы ҳәм 1990-жылдан өмириниң ақырына дейин экономикалық теория кафедрасының баслығы лаўазымларында нәтийжели хызмет атқарды.

* * *

Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, белгили әдебиятшы алым, сыншы ҳәм мәдeният ғайраткери, алпыстан аслам илимий мийнетлердиң авторы Зайтуна (Зоя) Насуруллаева Қарақалпақстан ҳаял-қызлары арасынан шыққан туңғыш илим докторы есапланады.

Ол 1983-жылы филология илимлериниң докторы илимий дәрежесин алыўға миясар болды.

* * *

Жас алым ҳәм педагог Халифа Палўанова 2016-жылы «Инглис, өзбек, қарақалпақ ҳәм орыс тиллеринде экологиялық терминлердиң деривацион семантикалық принциплери» деген темада докторлық диссертациясын қорғап, инглис тили бойынша Қарақалпақстанда биринши илим докторы болды.

* * *

Республикамызда органикалық химия илимин раўажландырыўға белсене ат салысқан илимпазлардың бири, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери Светлана Тәжетдинова Қарақалпақстанда биринши болып химия илимлериниң кандидаты илимий дәрежесин алыў бахтына миясар болды.

Оның 40 тан аслам илимий мийнетлери республика ҳәм шет еллердиң газета-журналларында жәрияланып, илимий жәмийетшилик тәрепинен өзиниң жоқары баҳасын алды.

* * *

Халқымызға шет тиллери бойынша билим бериўши қәнигелерди таярлап бериў зәрүрлигин инабатқа алып, оның ертеңги келешеги ҳаққында жақсы нийет пенен ис баслаған биринши илим қарлығашларының бири Жалғас Алламуратов болып табылады.

Ол Ташкент мәмлекетлик педагогикалық шет тиллери институтын өзи менен бирге питкерип шыққан бир қатар жас қәнигелерди өз әтирапына жәмлеп, 1954-жылы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында шет тиллери кафедрасының шөлкемлестирилиўине тийкар салды ҳәм өзи усы кафедраның биринши баслығы болып иследи.

«Инглис ҳәм қарақалпақ тиллериниң салыстырмалы үйрении-лиўи» деген темада кандидатлық диссертация жақлап, инглис тили бойынша Қарақалпақстанда биринши илим кандидаты илимий дәрежесине ийе болған Ж. Алламуратов өмириниң соңғы демлерине дейин шет тиллери факультетиниң деканы лаўазымында нәтийжели хызмет атқарып, республикамызға шет тиллери бойынша муғаллим кадрларын жетилистирип бериў исине белсене қатнасты.

## МАЗМУНЫ

СИЯСИЙ ӘҲМИЙЕТКЕ ИЙЕ СӘНЕЛЕР .......... 3

ХАЛЫҚ АРАЛЫҚ КӨЛЕМДЕГИ СӘНЕЛЕР .......... 5

ӨЗБЕКСТАН ҚАҲАРМАНЛАРЫ .......... 9

УЛЛЫ ИНСАНЛАР ҚАШАН ТУЎЫЛҒАН? .......... 10

АКАДЕМИКЛЕРИМИЗ ТУЎЫЛҒАН СӘНЕЛЕР .......... 12

ЗУЛЬФИЯ АТЫНДАҒЫ МӘМЛЕКЕТЛИК СЫЙЛЫҚ ИЙЕЛЕРИ .......... 15

БИРИНШИЛИК НЕСИП ЕТКЕН ИНСАНЛАР .......... 16

БИРИНШИ ИЛИМ ДОКТОРЛАРЫ .......... 29

БИРИНШИ ИЛИМ КАНДИДАТЛАРЫ .......... 32

# ЗӘРҮРЛИ МАҒЛЫЎМАТЛАР ЖЫЙНАҒЫ

«Билим» баспасы
Нөкис – 2023

MKO TIYKARĞI FOND

Редактор *Р. Палуаниязова*
Көрк. редактор *Қ. Атабаев*
Оператор *Г. Серимбетова*

**Лицензия: AI №108, берилген ўақты 2008-жыл 15-июль.**

Басыўға руқсат етилген ўақты 19.05.2023-жыл. Форматы $60 \times 84\ ^1/_{16}$. «Times New Roman» гарнитурасы. Офсет баспа қағазы. Офсет баспа усылында басылды. Көлеми 2,25 б.т. 2,09 шәртли б.т. 2,5 есап б.т. Нусқасы 510 дана. Баҳасы шәртнама бойынша. Буйыртпа № 27.

Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме ҳәм ғалаба коммуникациялар басқармасы. «Билим» баспасы, 230103. Нөкис қаласы, Ислам Каримов гүзары, 111-жай.

**Электрон мәнзил: bilim.baspa@bk.ru**

«Билим» баспасында басып шығарылды.